

# Konkou mizik sou alfabè lang kreyòl ayisyen

**Lansman 29 fevriye 2024**

## **Kontèks ak jistifikasyon konkou mizik la**

Mizik se youn nan eleman anseyan yo itilize pou yo pèmèt elèv ak etidyan aprann pi byen. Anplis, mizik prezan nan pifò aktivite popilasyon an. Se nan kontèks sa a **Akademi Kreyòl Ayisyen** an (AKA) ap òganize gwo konkou mizik sa sou alfabè lang kreyòl ayisyen an nan tout peyi a epi nan tout tandans mizikal pèp ayisyen an plis itilize tankou: Rap, Konpa, Twoubadou, Rasin, eksetera. Akademi an rete kwè konkou mizik sou alfabè lang kreyòl la se youn nan pi bon fason li kapab fè plis moun konnen epi metrize alfabè kreyòl la.

**Akademi Kreyòl Ayisyen** an (AKA) ap òganize konkou sa a nan lide pou li non sèlman kontinye fè pwomosyon pou lang ak kilti kreyòl la jan Konstitisyon ak Lwa peyi a mande li sa, men tou pou li kapab genyen yon chante nasyonal pou prezante alfabè lang kreyòl la.

## **Objektif**

Objektif konkou mizik sa a sou alfabè lang kreyòl ayisyen an se pou:

1. Ede popilasyon an pran konsyans epi rekonèt kreyòl la egziste ak tout alfabè li tankou tout lang;
2. Pèmèt popilasyon an konnen alfabè kreyòl ayisyen an;
3. Popilarize prensip alfabè lang kreyòl la;
4. Ankouraje plis moun ekri kreyòl la san konplèks ni enkyetid nan tout espas (piblik tankou prive) sou tout teritwa peyi a;
5. Fasilite komunikasyon ekri nan lang kreyòl la nan tout sektè, nan tout domèn nan peyi a.

## **Dat limit :**

31 Me 2024 : dat limit pou enskripsyon (sou Imel AKA oswa nan lokal AKA)

30 Out 2024 : dat li pou kandida a transmèt anrejistreman mizik la (sou Imel AKA ak nan lokal AKA sou CD / Kle USB )

**Dezyèm rezolisyon sou òtograf lang kreyòl ayisyen an disponib sou sit  
Akademi an [www.akademikreyol.net](http://www.akademikreyol.net)**

## Kritè patisipasyon

Men prensipal kritè yon moun ap bezwen pou li patisipe nan konkou a

1. Li dwe Ayisyen; (Fanm kou gason)
2. Li dwe gen pou piti 18 lane nan moman l ap enskri a;
3. Fò li pa gen pwoblèm ak Lajistis;
4. Yon koral, yon gwoup mizikal oswa yon djaz kapab patisipe tou kòm nan konkou a. Nan ka sa a tout manm li yo dwe respekte 3 premye kritè yo ;
5. Se kandida a ki responsab ekri mizik li vle prezante pou konkou a ak gwoup li;
6. Mizik oubyen chante yo pa dwe depase twa (3) minit.;
7. Fò chante a klè pou tout moun konprann 32 fonèm alfabè a reprezante 32 grafèm lang nan Dezyèm rezolisyon sou òtograf lang kreyòl ayisyen an.

### Prim pou moun loreya yo:

**Premye loreya:** Twasan Mil (300,000.00) goud, plis anrejitreman ak piblikasyon mizik la;

**Dezyèm loreya :** Desan Mil (200,000.00) goud.

**Twazyèm loreya:** San Mil (100,000.00) goud

### Dat limit :

29 Mas 2024 : dat limit pou enskripsyon (Imel ak nan lokal AKA, si posib)

31 Me 2024 : dat li pou depo anrejistreman mizik la ( Imel ak CD / Kle USB nan lokal AKA)

Pou enfòmasyon sou misyon ak travay Akademi Kreyòl Ayisyen vizite sit Akademi an : <http://www.akademikreyol.net>.

Pou plis enfòmasyon sou konkou a, telefòn: **3333-0815 / 3333-0816**

oswa ekri: [enfomasyon@akademikreyol.net](mailto:enfomasyon@akademikreyol.net)

[konkoumizikalfabekreyol@akademikreyol.net](mailto:konkoumizikalfabekreyol@akademikreyol.net)

# KONKOU MIZIK SOU ALFABÈ LANG KREYÒL

## FOMILÈ ENSKRIPSYON

Dat enskripsyon : ..... Nimewo enskripsyon an ..... (AKA)

1) Non ..... 2) Siyati .....

3) Sèks : Fi  Gason  4) Dat ou fèt .....

5) Kote ou fèt (Komin) ..... Seksyon kominal .....

6) Non gwoup ou reprezante : .....

7) Adrès konplè .....

8) Telefòn..... 9) Imel .....

10) Ki nivo etid ou : **Primè**  **Segondè**  **Inivèsité**

11) Pwofesyon ou .....

12) Èske ou te konn abitye jwe mizik nan djaz oubyen lòt gwoup mizikal deja? Wi  Non

13) Èske ou te konn abitye pibliye mizik sou non pa w? **Wi**  **Non**  si repons lan se wi, di konbyen mizik ou deja pibliye .....

14) Èske ou konn abitye patisipe nan konkou mizik? **Wi**  **Non**  (si repons lan se wi di nan ki konkou mizik ou patisipe deja) : .....

15) Èske ou konn genyen? **Wi**  **Non**  si repons lan se wi di non konkou a

16) Si ou ta genyen konkou sa a, èske w ap mete w disponib pou AKA nan fè pwomosyon pou mizik la? **Wi**  **Non**

17) Di pou ki rezon ou swete patisipe nan konkou mizik sa : .....

Voye mizik ou a sou imel sa yo: **konkoumizikalfabekreyol@akademikreyol.net**

Epi : **konkoumizikalfabekreyol@gmail.com**

.....

Non, siyati, paraf kandida a